


# Umugambi w'Amagara meza mu Mico Itandukanye n'Integuro y'Ibikorwa 2024-2029 MHPAP

Abantu bose bava mu mico itandukanye i Queensland bafatwa kumwe mu mavuriro ya Reta hisunzwe imico yabo.



## INGINGO NGENDERWAKO



Umugambi MHPAP uzoshimikira ku nyungu z'amagara meza ku bantu bose b'imico yose, harimwo:


- abavukiye muri Ostraliya bafise abavyeyi canke ba basekuru babo bāvūkiye mu bindi bihugu
- abimukiye muri Ostraliya nk'impunzi canke abantu barondera gukingirwa
- abenegihugu canke abahawe viza mfatakibanza i New Zealand
- abantu bafise inzitizi zo kwivuzza nk'abahawe viza mfatakibanza, abakozi b'igihe gito, abanyeshure mvāmakūngu n'abandi bafise viza z'igihe gito
- Ababa mu mazinga yo mu Bumanuko bw'Ikiyaga ya Ostraliya

Iyi MHPAP ni yo nteguro ya mbere Igisata c'Ubuvuzi muri Queensland giteguye mu myaka 10 kubwo iterambere ry'amagara ku bantu b'imico itandukanye.

Iyi MHPAP yateguranywe n'abayifisemwo uruhāra benshi, harimwo abo mu mashirahamwe mu kibano, ngo ijwi ry'abo mu kibano ryumvikane mu mugambi wacu w'indinganizo y'ubuvuzi.

Iyi MHPAP izotegura imigambi n'indinganizo mu rwego rw'ubuvuzi, dūkora ibikenewe kubwo amagara meza mu bibano vy'imico itandukanye. Igisāta c'Ubuvuzi i Queensland kizosuzuma iterambere ryaco mu gushitsa ihangiro n'imvo za MHPAP.

Murika akabanga QR umenye ibindi bijanye n'Umugambi n'Integuro y'Ibikorwa



Igisata c'Ubuvuzi i Queensland kirashimiye uwaterereye muri uwu mugambi mu kuvūga ivyo azi no mu ntererano zerekeye iterambere ry'ubuvuzi ku neza y'abo mu mico itandukanye.

## Amashimikiro makurumakuru

## Imvo

## Ivyo twumvise



### Ishimikiro rya 1 Gukinga n'ubutabazi bwa mbere

- Tuzovugana n'abantu bava mu mico itandukanye kugira ngo dutahure neza intambamyi zibahanze mu gushika kw'ihangiro ry'amagara meza n'ukuroranimirwa.
- Tuzokorana n'ibibano vy'imico itandukanye mw'ishirwaho ry'ivyokorwa mu buvuzi vyofashá mw'ikurwaho rya za ntambamyi.
- Tuzoshigikira abantu bava mu mico itandukanye biteho amagara yabo, birinde ingwara kandi bitũre ibigo vy'ubuvuzi.

“Gutsimbataza ubushobozi bwo kwikingira bw'ikibano mu gusuzuma ko imigambi y'ukwikingira ishigikiwe n'abahinga mu buvuzi kiretse bivuye kuri twebwe, ikibano”



### Ishimikiro rya 2 Ubufasha buhambaye mu ndimi n'abakozi mw'ihanamakuru

- Tuzokwitwararika ko abakóra mu buvuzi i Queensland bazi ingene, igihe n'igituma bokoresha abasobanuzi.
- Tuzoha amakuru abantu b'indimi zitandukanye mu rurimi bo nyene bahisemwo
- Tuzosuzuma kandi tunagure akanovera k'ubufasha mu ndimi buhabwa abagwaye, harimwo n'ugushigikira urwego rw'abakozi bajewe indimi.

“Inzitizi mu ndimi ziracari intambamyi karuhariwe mu buvuzi mu bibano vyacu. Ikoreshwa ry'ubufasha mw'isobanurandimi mu rwego rw'ubuvuzi bitahurwa kandi bigakoresha nabi.”



### Ishimikiro rya 3 Ubuwuzi buramá, bugenewe bose, bwisunga ihahamuka kandi budahungabanya imico

- Tuzotsimbataza umucó mu buvuzi bw'i Queensland wubahiriza abagwaye kandi uzirá ivângura ku rukobá n'íkumirwa.
- Tuzokwongereza igitigiri c'abantu bava mu mico itandukanye bagirá uruhára mu nzêgo no mu tunâma ndôngôzi.
- Tuzofasha abo mu bibano vy'imico itandukanye gutahura n'ugukoresha uburenganzira bwabo mu gihe bagiyeye kwivúza.
- Tuzotsimbataza integuro zihuye n'imico mu gufasha abagwayi kwivúza neza n'ukwiyumvamwo umutekano mu bijanye n'ubuvuzi.

“Ukwiyorosha tugahindura inkóro za kera ngo turushirize gutorera umuti ubukene bw'ibibano vyacu ni urufatiro, akarorero ni nk'abaforoma mpuzamico bafashije mu kworosha inyubako isobánye.”



### Ishimikiro rya 4 Imigenderanire, ugukorana n'ubufatanye ngirakamaro

- Tuzotsimbataza imigenderanire ikomeye kandi yubashirijwe n'ibibano vy'imico itandukanye.
- Tuzokorana n'izindi nzego z'ubugānga mu kworohereza ibibano vy'imico itandukanywe gufashwa mu vyerekeye ubuvuzi.
- Tuzokorana n'amashirahamwe y'ibibano mu bwitonzi ku buryo ibibano vy'imico itandukanye bishigikirwa ngo bironswe ubuvuzi bwiza n'ukuroranimirwa bishobóka.

“Twigiyeye vyinshi kuri COVID-19 vyerekeye akamaro k'ugukorana mu runani mu nzego zose z'ubuvuzi, dufatanije n'ikibano hamwe n'izindi nzego mu gutorera umuti indanzi z'ibibano mu bijanye n'amagara.”



### Ishimikiro rya 5 Abakozi mu vyó ubuvuzi batandukanye, atá kumirwa kandi bashoboye mu vyó imicó

- Tuzoshira mu ngiro ukudákumira mu gutanga akazi ngo turonke urunani rw'abavuzi batandukanye.
- Tuzotanga inyigisho zibereye nkarishabwenge ku bakozi mu buvuzi i Queensland ngo dutange ubufashá ngirakamaro kandi butabāra hisunzwe imicó.
- Tuzokwitwararika ko abakóra mu buvuzi i Queensland bó mu micó itandukanye biyumvamwo agaciro, ukwubahwa n'ukubonwa nk'abashoboye bári ku kazi.

“Birakenewe gusuzuma ko ubatandukane mu mico n'akazi biboneka mu nteguro. Bitagenge uko, bamwe mu bibano vyacu ntiboserukirwa mu bakora mu buvuzi. Dukeneye kubona ukungana mu batandukane bw'abakozi mu bitigiri, n'abakozi bakarihirijwe ubwenge ngo baronswe ugutahura gukorana n'abantu bava mu bibano vyacu.”



### Ishimikiro rya 6 Ibiharuro n'ubushakashatsi ku vyerekeye imico itandukanye

- Tuzohinyanyura uko twegeranya n'uko dusuzuma inkuru mu bijanye n'ibibano vy'imico itandukanye tunagure ubufashá mu buvuzi.
- Tuzokora ubundi bushakashatsi ku ngorane zijanye n'amagara mu bibano vy'imico itandukanye.
- Tuzokorana n'ibibano vy'imico itandukanye mu bushakashatsi ngo turushirize gutahura ivyo bakeneye n'ivyobafasha mu bijanye n'ubuvuzi.

“Ni ngirakamaro gutegekanya amafaranga mu bushakashatsi bushimitse n'ugukorana n'ibibano vyacu mu masuzumwa no mu bushakashatsi kubwo kunagura ibikorera ibibano vyacu mu buryo bubereye na ngirakamaro.”